

## DISPONIBLITE SÈVIS

Nou pa ofri sèvis pandan pifò jou ki gen fèt yo ak lè kondisyon move tan. Rele nou pou w konnen ki sèvis ki disponib lè gen move tan.

### **Konte Wicomico an**

(Salisbury, Delmar, Fruitland)

LENDI RIVE VANDREDI

Tan randevou yo dwe plase ant 8 a.m. rive nan 5 p.m.

### **Konte Wicomico – Zòn Riral**

(Pittsville, Hebron, Tyaskin, etc.)

LENDI RIVE VANDREDI

Tan randevou yo dwe plase ant 8 a.m. rive nan 5pm

### **Konte Somerset ak Worcester**

(Berlin, Pocomoke, Crisfield, etc.)

SÈLMAN MADI AK JEDI

Tan randevou yo dwe plase ant 8 a.m. rive nan 5 p.m.

### **Alès Bay Bridge la**

(Cambridge, Easton, Kent Island, etc.)

SÈLMAN MADI AK JEDI

Tan randevou yo dwe plase ant 8 a.m. rive nan 2 p.m.

### **Lwès Bay Bridge la**

(Baltimore, Annapolis, Glen Burnie, etc.)

LENDI RIVE JEDI

Tan randevou yo dwe plase ant 8 a.m. rive nan 2 p.m.

## EVITE “PA VINI”

Pwoblèm "pa vini" an rive lè:

- Ou pa nan plas kote aranjman te fèt pou w monte machin lan;
- Ou refize monte machin lan lè li rive kote w kanpe an;
- Ou poko pare lè machin lan rive pou pran w lan. **Chofè an pa ka tann ou pou plis pase 5 minit.**

“Pa vini” regilyèman pral egzije pou w konfime chak jou w ap vini yon jou davans. Si w pa konfime w ap la, chofè an pap vini chèche w.

Si w akimile twa “pa vini” youn dèyè lòt, n ap anile tout rès woulib randevou w yo jiskaske w pran kontak ak nou nan (410) 548-5142.

**Si w konnen ou pap ka la nan yon randevou, rele nou omwens inè avan chofè an rive pou w anile li.**

## SÈVIS ANBILANS

Gen transpò anbilans nan ka kote ki pa gen ijans ki disponib pou kliyan k ap deplase pandan yo kouche. Rele biwo nou pou plis enfòmasyon oubyen pou aranjman pou sèvis



108 East Main Street  
Salisbury, Maryland 21801  
[www.wicomicohealth.org](http://www.wicomicohealth.org)



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Wicomico County  
Health Department

Yon gid pou w jwenn  
**TRANSPÒ NAN ASISTANS  
MEDIKAL**

Nan Wicomico County, Maryland



**(410) 548-5142**

**(410) 219-2885 Fax**



**Transpò nan Asistans Medikal se yon pwogram woulib pwograme e pataje. Se Medicaid k ap peye an dènye lye.**

## **KI MOUN N AP PÒTE?**

- Rezidan nan Wicomico County;
- Medicaid Maryland/Asistans Medikal aktif (*QMB, SLMB, Planning Familyal sèlman ak Medi-care Sèlman PA kali-fye*);
- Randevou Medikal ki nesesè pou moun ki abite a yon distans ki plis pase 3/4 kilomèt de yon stòp piblik otobis;
- Moun/etablisman sa k ap bay swen medical lan dwe aksepte pou Medicaid Maryland lan peye l pou sèvis li yo;
- Pasyan an pa posede oto;
- Pa gen gen lòt woulib disponib.

**Anba pwogram sa a, pa gen kouvèti pou sèvis transpò an ijans. Si w gen yon ijans, rele 911.**

## **KISA M BEZWEN POU M PWOGAME YON WOULIB?**

- Non konplè w ak nimewo MA;
- Dat ak lè randevou an;
- Adrès kote pou yo jwenn ou;
- Non etablisman medikal /doktè kote w bezwen ale an;
- Pou transpò andeyò konte an: non doktè an, espesyalite li, epi nimewo telefòn li;
- Tan ki estime pou retou an;
- Si wi ou non ou pral itilize chèz woulant, apui pou mache, baton, oubyen tank oksijèn;
- Si w pral gen yon konpayon ki pral wwayaje ak ou.

### **POU W PROGRAME SEVIS LAN:**

**Rele (410) 548-5142 anvan midi omwen de (2) jou ouvrab anvan w bezwen woulib lan, oubyen jiska de (2) semèn davans.**

**Ou DWE rele Eastern Transport nan (410) 749-8294 ant 1 pm rive nan 4 pm yon jou anvan depasman an pou w ka gen yon lè estime sou ki lè y ap pase chèche w.**

## **ITILIZE TRANSPÒ PIBLIK**

Ou dwe itilize transpò piblik si w abite a yon distans pi piti pase 3/4 kilomèt de yon stòp otobis k ap fè yon wout fiks epitou ou pa gen yon andikap oubyen lòt sikonstans k ap enpoze w itilize transpò piblik lan.

“Shore Transit” ofri wout fiks ak transpò piblik nan konte Wicomico, Somerset, epi Worcester.

### **Avantaj nan itilizasyon “Shore Transit”:**

- Pa gen anpil chita tann—ou konnen egzakteman kilè machin lan ap rive ak kilè tou l ap pati.
- Pa gen pwogramasyon davans—Tout moun elijib.
- Ou pa bezwen pwogramasyon—Senpleman tann nan stòp otobis lan.

**Pou w konnen orè otobis yo, rele “Shore Transit” nan (443) 260-2300 oubyen vizite [www.shoretransit.org](http://www.shoretransit.org).**

***Orè yo kapab chanje.***